

BAB V

KACINDEKAN JEUNG SARAN

5.1 Kacindekan

Dumasar kana hasil analisis dina data di bab IV, ngaran-ngaran Patempatan (toponimi) di Kecamatan Cileunyi Kabupatén Bandung téh bisa dicindekeun saperti di handap ieu :

- 1) Ngaran-ngaran Patempatan (toponimi) di Kecamatan Cileunyi Kabupatén Bandung, dikelompokkeun dumasar aspék fisik, sosial, jeung kultural. 1) pangaruh aspék fisik aya 57 ngaran tempat (54,2%); 2) pangaruh aspék sosial aya 43 ngaran tempat (40,9%); jeung 3) aspék kultural aya 5 ngaran tempat (4,8%). Loba ngaran tempat nu kaasup kana aspék fisik 57 ngaran tempat (54,2%), kabukti yén ngaran-ngaran tempat di Kecamatan Cileunyi kapangaruhan tina kaayaan alam sabudeureunana. Dina ieu panalungtikan ogé kapaluruh 45 ngaran tempat dumasar kana carita nu aya masarakat.
- 2) Mangsa kiwari, di Kecamatan Cileunyi ngan saeutik ngaran kampung anu ngaranna diganti atawa kasilep ku ayana pangwangunan atawa ku pamaréntah désa, anu milu mangaruhan kana ngaran tempat nu aya di sabudeureunana. Anu dihanjakalkeunana, kadang robahna ngaran tempat henteu ditatapakan alesan-alesan anu teu puguh, ngan saukur henteu pantesna ngaran dina jaman ayeuna atawa hal nu séjénna.

Padahal mah, unggal tempat miboga kasang tukang sajarah nu nyababkeun ngaran kampung samodél kitu. Dina ieu panalungtikan aya tujuh bukti sajarah anu ngarojong kana ngaran patempatan di Kecamatan Cileunyi di antarana waé Séké Jéngkol, Sadang, Palédang, Tanjakan Muncang, Cileunyi, Cibangkonol, jeung Cinunuk.

- 3) Bahan pangajaran dongéng dina aspék maca pikeun siswa SMA, nu dijadikeun pikeun bahan pangajaran di sakola aya lima dongéng tina 45 dongéng anu kapaluruh. Sabab lima dongéng éta téh saluyu jeung kriteria milih bahan ajar. Terus ogé lima dongéng éta saluyu jeung SKKD dina pangajaran maca carita sajarah lokal atawa carita babad di kelas X SMA.

5.2 Saran

Nalungtik ngaran-ngaran nu aya di Kecamatan Cileunyi tangtu loba pisan mangpaatna. Dipiharep ieu panalungtikan bisa ngeuyeuban kasang tukang ngaran tempat nu aya di Kecamatan Cileunyi. Di satukangeun hal éta, tangtuna ieu panalungtikan loba kahéngkérana. Dipiharep, ka hareupna mugia aya nu nuluykeun nalungtik ngeunaan tempat-tempat nu aya di Kecamatan Cileunyi kalawan leuwih jero jeung lengkep deui.

Panalungtik ogé miharep ka masarakat jeung aparat pamaréntah, saupama ngarobah ngaran tempat kudu ngaliwatan dadasar anu kuat, ulah ngan saukur ngarobah ngaran tempat alatan henteu pantes kadéngéna atawa hal-hal nu teu penting séjénna. Ku sabab tangtuna tiap-tiap ngaran tempat nu aya miboga kasang tukang sajarah nu penting. Saupama kudu ngarobah ngaran, ulah nepi ka

ngaleungitkeun ajén sajarah jeung ajén budaya nu aya di éta daérah. Sangkan anak-incu atawa turunan nu aya di éta tempat teu pareumeun kana budaya di éta daérah.

Salian ti éta ogé, panalungtik miharep ka sepuh-sepuh supaya nurunkeun carita ngaran kampungna, supaya kahareupna moal aya deui nu leungiteun udagan dina nanyakeun atawa nalungtik ngaran-ngaran tempat.

